



Ngatidzidzei NEZVEMUCHADENGA

LET'S GO ON A SPACE ADVENTURE!



MILLION WORD GAP PROJECT

Translated by

Elsa Tariro Wadi

The Hope-Hear Million word gap project by
Hope-Hear NPC, 2024 / 064699 / 08
is licensed under a Creative Commons Attribution -
Non-Commercial 3.0 Unported License

www.hope-hear.org
#HOPE-learn



Kutsanangura pfungwa huru dzakadai se muchadenga, mwedzi, uye mwaka kumwana mudiki kungaita sekwakanyanya kuoma, asi zvakakosha zvikuru!

Vana vanowanzofarira kuziva zvinhu. Vanobvunza "sei" uye "zvakadini" nguva dzose. Nekudyara pfungwa dzakadai semwedzi kana nguva, uri kubatsira kuti vadzidze nezve nyika yavo uye kugutsa chido chavo chekuziva.

Kunyange zvazvo vasingakwanisi kunzwisisa zvizere pfungwa huru idzi, kudzidza nezvadzo kunovabatsira kuvaka hwaro hwekudzidza munguva inotevera. Sezvakaita kudzidza mazwi akareruka kana manhamba, kunzwisisa zvinhu zvakadai sezuva kana mwedzi kunovabatsira kubatanidza pfungwa dzakasiyana sezvavanokura. Vana vanochochedza zvinhu zvakadai semwedzi mudenga, kuchinja kwemamiriro ekunze nemwaka dzakasiyana. Kana ukavatsanangurira kuti sei zvinhu izvi zvichiitika (sekuti sei kuchitonhora muchando kana nei mwedzi uchichinja chimiro), zvinovabatsira kunzwisisa nyika yavo. Izvi zvinoita kuti cherechedzo dzavo dzemazuva dzive zviwanikwa zvinonakidza!

Kutaura nezvemuchadenga kungatekenyedza mufungo. Vangatanga kurota nezve pfungwa dzakanaka dzenyeredzi, zvindeya, kana zvekufamba muchadenga. Iyi mhando yekufunga inobatsira mukuvandudza kugadzira uye kugadzirisa zvinetso.

Kutsanangura matanho emwedzi kana kuchinja kwemwaka kunoita kuti zvisikwa zvive zvinovanakidza. Unogona kubuda navo panze muchitsvaga mwedzi, kuona mashizha achichinja ruvara, kana kutarisa makore. Zviitiko izvi zvinogona kunakidza uye zvinobatsira vana kuti vabatanidzike nepasirose.

Kudzidza kunonakidza, kuverenga kunodzidzisa, uye zvinobatsira vana kutanga kunzwisisa kuti nyika inoshanda sei. Izvi zvinovapa kuyeva uye kufarira nyika yavanogara!

Muchadenga makakura uye makazara
nenyeredzi nemagungano!
Unogona kufunga nezvemamwe mazwi
anoreva zvakafanana nekukurisa here?

Hukuru
Mhomho
Hombe
Kukura kwazvo
Huru huru

Pane mabhiriyani emagungano
muchadenga – zvichida kutopfura!

Gungano rega rega rinogona kuva
nemabhiriyani enyeredzi kana kutopfura.

Uhwu huwandu husrii nyore
kufungidzira!

Muzvinafundo wesainzi dzemuchadenga
anonzi nyanzvi yenyeredzi.




Gungano rega rega rine zvinhu
zvakawandisa!

1. Nyeredzi – Mavara akajeka,
anopenya mudenga, akafanana
nezuva redu.
2. Zvindeya– Zvinhu zvikuru zvakaita
sePasi zvinotenderera nyeredzi.




3. Mwedzi – Zvidenderedzwa zvidiki zvinotenderera zvindeya.




4. Guruva neGasi – Zvikamu zvidiki-diki zvezvinhu zvinoyangamara se "makore" emuchadenga.



Zvese izvi zvinhu zvinogara pamwe chete mugungano, zvakafanana nekuti isu tinogara munharaunda huru ine dzimba, miti, nemotokari!




Pasirose rinotora mazuva 365 (mazana matatu makumi matanhatu nemashanu) kutenderera zuva. Ndicho chikonzero gore rimwe chete rine mazuva 365.



Mwedzi unotora mazuva 28 (makumi maviri nemasere) kutenderera pasirose.

Aya ndiwo matanho a notorwa
nemwedzi paunotenderera pasirose.

uMwedzi wakanaka/jenaguru




Uri kuona zuva here?

Unogona kuverenga zvindeya
zvingani?



Chii chiri mukati memagonyoina
(rectangles) machena?




Iyi ndiyo inonzi bhande reguruva
rinotenderera. Yakazara nematombo
akawanda ekudenga.

Bhande reguruva rinotenderera
inopatsanura zvindeya zviripadhuze
nezuva nezvindeya zvirikure nezuva.

Unokwanisa kuverenga zvindeya zvingani
kudivi rimwe bhande reguruva
rinotenderera?



Zvindeya zvemudenderedzwa
remukati zviripedyo nezuva.



Nyamatsatse



Hweva




Pasirino



Murongazuva

gungano tsvuku

Ndechipi chindeya chinonyanya kupisai?



Nyamatsatse



Hweva Hongu!

Kunyangwe Nyamatsatse iri padhuze nezuva, mhupo dzemuHweva dzinotora kupisa kuye zvoita kuti chive chindeya chinopisisa.




Pasirino



Murongazuva

Ndechipi chindeya chiduku pazvose?



Nyamatsatse Hongu!



Hweva




Pasirino



Murongazuva

Ndechipi chindeya chikuru
mudenderedzwa remukati?



Nyamatsatse



Hweva



Pasirino Hongu!



Zvindeya
zvedenderedzwa
remukati zviduku pane
izvo zvemudenderedzwa
rekunze.



Murongazuva

Zvindeya zvedenderedzwa rekunze
zviri kure nezuva.


Vhenekeratsvimborume



Chirema




Yuranisi



Nyn'aimamushana


Ndechipi chindeya chikuru pazvose?



Vhenekeratsvimborume

Hongu!


Vhenekeratsvimborume
ndicho chindeya chakakura
kudarika zvose.



Chirema



Yuranisi



Nyn'aimamushana

**Mufambi
wemuchadenga**



Chitundumuseresere



Nyeredzi inopfuta

Kana guruva rinotenderera yapinda munharaunda yePasi, inonzi nyeredzi inopfuta. Inonzi dombo rekudenga mushure mekurova pasi.




Tinogona kudzidza nezvemuchadenga
tichishandisa teresikopu.



Vazvinafundo vesainzi vanodzidza
nezvemuchadenga vanonzi nyanzvi
dzenyeredzi.



Mukaguta kadiki muSouth Africa,
kanonzi Sutherland, kune telescope
huru inonzi Southern African Large
Telescope.

Uri kuona here kuona Sutherland
pamepu? Tsvaga .

